



pou ou konplete li, lè ou rele yon biwo IRS. Oswa, si ou gen yon òdinatè ki pèmèt ou ale sou entènèt epi ou genyen yon enprimant, ou kapab itilize fòm W-2 ki sou entènèt la. Sèvis W-2 sou entènèt se yon opsyon elektronik gratis ke Sekirite Sosyal ofri moun ki gen anplwaye lakay yo, pou yo ka ranpli fòm la sou entènèt. Avèk W-2 sou entènèt la, ou kapab jwenn yon fòm W-2 elektronik, ranpli fòm la epi soumèt li bay Sekirite Sosyal, tout sa pandan ou sou entènèt la. Sèvis la menm ap ranpli yon fòm W-3 (fòm ki montre ke ou voye W-2 a) pou ou. Epitou, ou kapab enprime kopi ke anplwaye ou yo dwe ranpli pou pwòp tèt pa yo, pou regle afè taks pa yo. Ou kapab enprime kopi pa ou tou, ke ou pral kenbe nan dosye pèsònèl ou.

Pou kòmanse, ou ap genyen pou anrejistre pou ou jwenn yon Personal Identification Number (PIN, nimewo idantifikasyon pèsònèl) ansanm avèk yon modpas (mo sekrè), ke ou ap kapab jwenn nan wèbsayt Business Services Online: [www.socialsecurity.gov/bso/bsowelcome.htm](http://www.socialsecurity.gov/bso/bsowelcome.htm), ansanm avèk yon modpas (mo sekrè). Pou plis enfòmasyon ki ap ba ou eksplikasyon pazapa, ale nan [www.socialsecurity.gov/employer/bsohbnew.htm](http://www.socialsecurity.gov/employer/bsohbnew.htm).

## Kijan moun ki ap travay nan kay ou jwenn kredi sou Sekirite Sosyal

Sistèm pou kalkile kredi pou moun ki ap travay nan kay la diferan de lòt jan yo konte kredi pou lòt kalite travay. An jeneral, yon moun ki ap travay nan kay ap touche yon kredi sou chak \$970 dola ameriken ke li rapòte kòm salè li touche (pandan ane 2006 la), jouk li rive yon maksimòm de 4 kredi pou ane a. Men tou, yon moun ki ap travay nan kay ap genyen kredi Sekirite Sosyal sèlman sou salè ki omwen \$1.500 dola ameriken oswa plis, ke l ap touche nan men nempòt moun ke l ap travay pou li. Pa egzanp, yon anplwaye ki ap travay nan kay pou 3 patwon diferan, epi, li touche: \$600 nan premye a, \$800 nan dezyèm la, ak \$1.500 dola ameriken nan twazyèm la (sa ap fè li yon total \$2.900 dola ameriken nan twa travay yo) ap resevwa sèlman yon kredi ki ap vo \$1.500 dola ameriken sou dosye Sekirite Sosyal li.

Kantite kredi ke anplwaye (moun ki ap travay nan kay enkli tou) bezwen pou kalifye pou Sekirite Sosyal depann de laj yo, epi de ki kalite benefis yo gen dwa kalifye pou yo resevwa. Pi fò moun bezwen 10 ane travay (ki egal a 40 kredi) pou yo kalifye pou benefis. Moun ki jèn yo bezwen mwens kredi pou yo kalifye pou benefis maladi oswa enfimite; yo bezwen mwens kredi tou pou manm fanmi yo jwenn benefi'uk' {q'mouri.

Sonje, si ou pa rapòte salè pou anplwaye ou a, li ka pa rasanble ase kredi pou li resevwa benefis Sekirite Sosyal yo, osinon kantite benefis li yo ka vin pi piti.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.